

IJAMBO RY'UMUKURU W'IGIHUGU MU NAMA Y'UMURWI W'IGIHUGU UJEJEJWE GUKINGIRA NO GUTEGEKANIRIZA KAZOZA ABENEGIHUGU

1. Munkundire imbere ya vyose, dukurire ubwatsi Imana Mushoboravyose, Umuremyi w'Isi n'Ijuru yaturemye mu gashusho kayo, iratuzigama, kugira tube magiriranire mu gushigikirana kugira twese tubeho neza.

2. Kuri uyu musu uri hejuru, Umugwi w'Igihugu Ujejeje Gukingira no Gutegekaniriza Kazoza Abenegihugu wongeye guhurira mu nama ya bose igira indwi, ikaba ari n'iyigira kabiri jewe ndongoye.

3. Turizeye ko mwebwe murongoye amakomite atandukanye y'uwu mugwi, mwashoboye kuronka ubumenyi buhagije bubafasha kurangura ibikorwa vyawo, umwe wese mu bimwerekeye.

- Batumire bahire,
- Na mwe mwese mwitavye bino bikorwa,

4. Sinzigera ndeha kubivuga, uburongozi bw'igihugu bwaramaze kwiha ihangiro ryo gukora ibishoboka vyose kugira ngo umurundi wese aronke ubuzima bwiza mu gihugu. Ni muri icyo ntumbero dukora ibishoboka vyose, mbere tugasaba n'abagenzi kudufata mu mugongo kugira tuvuye ubuzima bw'abenegihugu bwazingamitswe n'ibihe twacyemwo.

5. Ubuzima bw'igihugu bubonekera ku kugene abenegihugu babayeho kurya ubuzima bw'umuryango bubonekera ku gihagararo ca bene umuryango. Iyemezwa ry'Umugambi w'Igihugu ujejeje Gukingira no Gutegekaniriza Kazoza Keza Abenegihugu mu mwaka wa 2011, ryagaragaye ko Reta ifise umwitwarariko udasanzwe, kugira ngo umwenegihugu wese abeho neza.

6. Ihangiro ry'Uwo mugambi ni ugukingira no gutegekaniriza kazoza abenegihugu bose, mu kubafasha gushigikira ubuvuzi bubereye kandi butavuna; mu kwitwararika indero y'abana mu mashuri, no mu kubaronsa amikoro abasahiriza mu gihe bashikiwe n'ingorane mu birungu bitandukanye bigize ubuzima bw'umuntu, nko mu gihe bakitswe n'amagara, mu kwarika abibabwirako, mu gushigikira abageze mu zabukuru, abagendana ubumuga, abagize impanuka z'akazi, abafise indwara zituruka ku kazi, canke mu gihe umuryango wabuze.

7. Twobamenyesha ko ihangiro ry'uwu Mugambi turisanga no muri wa mugambi w'Igihugu w'iterambere wo kuva mu mwaka w'2018 gushika mu 2027, rikaba ari na ryo nkingi ifasha zina murundi gushika kw'iterambere rirama.

None kuva mu 2018 twovuye ko hari intambwe turatera?

Ego ni vyo, naho impinga ikiri ndende, haraboneka akarushe. Abantu benshi bamaze kuja ku kivi ariko abari bamenyerereye kurya ivya gusa n'ubu baracashaka kuguma bateze amaboko.

8. Uguha agaciro uburimi vyaratumye abenegihugu benshi baronka akazi, gurtwo barashobora kwiungunganya mu bitari bike, ari co gituma mubona ko ahenshi abantu basesuka, ndetse n'inzu za nyakatsi zikaba ziriko ziragabanuka bimwe biboneka. Ico ni

ikimenyetso kitabesha cerekana ubuzima mu miryango kuko nta muntu yogura amabati abana baraye ubusa.

Ivyo kandi vyarashirijwe n'umugambi w'igihugu wo gushira hamwe abenegihugu mu makoperative, ikigega c'igihugu naco kikabunganira.

9. Ni muri icyo ntumbero nyene yo kurondera ubuzima bwiza bw'abenegihugu, urwego nshingwabikorwa rw'igihugu turongoye rwagumijeho ingingo zari zarafashwe kuva mu mwaka w'2005 zo kwitaho abenegihugu, nko kwakira abibaruka ku buntu, kuvura abana batarenze imyaka itanu y'amavuka, kwigisha abana bo mu mashuri shingiro ku buntu, kuvura ku buntu abarwaye ingwara ruhonyanganda nk'igituntu, umugera wa Sida, kuvura ku buntu abakukuruke bahoze bakorera Reta, n'ibindi.

10. Ariko rero, ntaturashikira ihangiro twiyemeje gushikako, aho umwenegihugu wese tumuba hafi cane cane ko n'abageze mu zabukuru n'abagendana ubumuga bubabura gukora kuko gushika ubu ibitigiri vy'abafashwa biracari bito cane mu bijanye n'ubuvuzi.

Ni co gituma dusavye ko haba itunganywa rishasha ry'uwo mugambi, ukisunga ibiharuro nyavyo kugira ngo dushobore gutunganiriza neza abenaburundi bakeneye ubufasha.

➤ Banyakwubahwa mwese,

➤ Batumire bahire,

11. Turashima imigambi yose iza ishigikira ba ntahonikora. Ni co gituma dusavye abasanzwe barangura icyo migambi kwama bategekanya inyigisho mperekeza kugira ngo icyo migambi ibashikane kw'iterambere rirama.

Ni muri icyo ntumbero nyene duhamagariye abagize amakomite y'intara n'ay'amakomine y'uwo Mugwi gukurikiranira hafi no kugira rwabo ishirwa mu ngiro ry'icyo migambi.

Ntitwipfuzwa ko Abarundi bakenye bazokwama ari abakene mu gihe bafise amagara meza, bafise ubwenge n'inkomezi.

12. Ku bijanye n'amategeko, twobamenyesha ko urwego nshingwabikorwa rw'igihugu rwamaze gushiraho ibwirizwa ryerekeye igitabu c'amategeko agenga ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu, ndetse n'ingingo mperekeza ziriko zitunganywa neza.

Turiko kandi turagira amatohoza kugira habeho itororokanirizo rimwe rudende ryerekana imigwi hakwirikijwe ingene Abarundi babayeho. Icigwa kirishiraho carakozwe, integuro y'amategeko yerekeye abigenga nayo iriko iraherazwa.

Iryo tororokanirizo rikazofasha mu kwerekana ubusumbasumbane bw'abenegihugu ku mugaragaro na cane cane imiryango ifise amikoro make gusumba icyindi. Rikazonafasha ibisata vy'igihugu gutunganya imigambi yo gufasha abatishoboye kuronka ibitigiri vy'abo biboneka ko bakwiye ubufasha bitabagoye kandi hakoreshejwe uburyo buke.

13. Turakengurukiye cane abadushigikira mu iterambere; nk'Ishirahamwe Mpuzamakungu ry'Amagara y'Abantu OMS, Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho ineza y'abana UNICEF, Ishirahamwe mpuzamakungu riraba imfungurwa PAM n'ibanki y'isi yose ku myitwarariko bafise kugira ngo icyo migambi ishirwe mu ngiro.

Turavye twese icyo tumaze gukorera abenegihugu, Inzego z'igihugu n'abasahiriza igihugu, munkundire nsabe ko abahinga boja hamwe bagasuzuma intambwe tumaze gushikako mu

guteza imbere ubuzima bw'abenegihugu, tumenye abamaze kwisununura, abatisununuye nabo tumenye imvo.

Gutyo niho twotora umuti urama ku kibazo kiraba guteganyiriza ubuzima bwiza abenegihugu.

- Mwanyakubahwa mwese,
- Bashitsi bahire,
- Mwebwe mwese mwitavye iri koraniro,

14. Ugukingira n'Ugutegekaniriza kazoza abenegihugu ni umwe mu migambi idasanzwe ya Reta.

Bisubiye, hariho imigwi idasanzwe ari yo y'abageze mu za bukuru n'abagendana ubumuga. Abo tubavuga kuko amagara yabo atabakundira gukora ibikorwa bituma bagwiza umwimbu, ariko bakaba bakeneye kubaho.

15. Ku bijanye n'abageze mu za bukuru b'abakukuruke, bobo basanzwe bavuzwa badatanye cane.

Bisubiye, hariho n'umugwi washizweho uriko uratwigira neza ingene boronka imperekeza yisununuye muri uko gukukuruka, kandi itegurwa ry'uwo mugambi rikaba riteye ku ntambwe ishimishije, twizeye ko uri mu nzira yo gushirwa mu ngiro, abo vyerekeye uno musu canke ejo borema kuko niwo mwitwitwarariko wacu.

16. Ku bandi nabo, hasanzwe hariho umugambi w'ukuvuza abageze mu zabukuru batishoboye. Ubushikiranganji bubijewe buriko burakora icyigwa kugira turabe ingene twoherekeza neza abatama n'abatamakazi bacu, tutibagiye no gufata mu mugongo imiryango itunze abagendana ubumuga butavurwa kandi butemerera umuntu gukora.

17. Ni muri icyo ntumbero dusavye imiryango ifise impfuvyi canke abagendana ubumuga ko batobata mu mabarabara canke ngo babasegeshe, ahubwo ko bobandikisha kugira ngo uburongozi burondere inyishu irama, abo bana b'igihugu bafise imiryango batahamwo. Iyo tubivugaga kuko twamaze kubona ko kugira amarerero y'impfuvyi ari ingeso yerekana ko Abarundi bataye akaranga kuvuza ko umwana ari uwo umuryango, bisigura ko ari mwana aba impfuvyi mu mico n'imigenzo y'Abarundi, tuvuyibukanye.

18. Turashimiye abitaho ineza y'abageze mu zabukuru na cane cane abihabeye Imana n'abarongoye amashengero atandukanye, eka mbere n'ayandi mashirahamwe yaba ay'iwacu canke mpuzamakungu.

Tubicishije ku musu mukuru wahariwe ugushigikirana, umugenzo mwiza w'ugufatana mu nda wagiye uratera imbere na cane cane uwo gushigikira abenegihugu bafise amikoro make.

19. Kuri icyo musu uri hejuru, turasubiye guhamagarira mwebwe murongoye abandi muri hano, ngo tubandanye muhimiriza imiryango eka n'abenegihugu bese kugira babandanye bashigikirana nk'uko vyamye biranga ba Sokuru. Kuva kera, impfuvyi ntiyatereranywe, abamugaye barababungabunga, abageze mu za bukuru abana barabasenyera udukwi bakongera bakabavomera amazi, abakazana nabo bakabagaburira.

- Bagenzi nkunda,

➤ Batumire bahire,

20. Igisata c'ugukingira n'ugutegekaniriza kazoza abenegihugu kiraba bese, turasavye mwebwe murongoye abandi kwama mwitwararitse mu makoraniro yose mutunganya kwigisha abenegihugu ibijanye n'uwu mugambi.

Turateye akamo, mwebwe mwese mukoraniye aha gushigikira bimwe biboneka ama koperative twashinze mu gihugu cose, na rirya twabonye ko ari inzira irashe ishikana kw'iterambere rirama rishingiye ku gukingira n'ugutegekaniriza kazoza bese.

21. Tuboneyeho akaryo ko gushima ibikorwa vyaranguwe n'abigenga mu gushira mu ngiro uwu mugambi w'Igihugu.

Dusangiye urugamba rero kuko dufise ihangiro rimwe ryo guharanira ineza ya bese mu kurwanya ubukene. Na none nk'uko twama tubivuga «Turi kumwe twese birashoboka », kandi ngo: Agakurikiwe n'abagabo ntikabasiga”.

➤ Banyakwubahwa mwese,

➤ Batumire bahire,

➤ Bantu mwese mwitavye iri koraniro,

22. Sinorangiza iri jambo ntasubiye gukebura Abarundi bese, Ndabahamagarira kwama na ntaryo bashigikirana, kugira abantu babandanye babaho neza, abenegihugu bagire amagara meza, abana bese bige amashure bace ubwenge, bategure kazoza keza kabo ariko kazoza keza k'igihugu, gurtyo dutere imbere twese, turonke ubuzima bwiza buduha umwizero wa kazoza, atawusigaye inyuma.

23. Dusozere tubakengurukira mwebwe mwese mwitavye iyi nama, ikimenyetso kitwereka ishaka mufise ry'uguharanira ineza y'abenegihugu.

Ni no kuri ayo majambo y'impanuro n'ugukenguruka nuguruye icese inama ya bese igira indwi y'abagize Umugwi w'Igihugu Ujejejwe Gukingira no Gutegekaniriza Kazoza Abenegihugu.

Niharambe Ugukingira n'Ugutegekaniriza Kazoza Abenegihugu bese, Murakoze.